



Pou Piblikasyon Imedya: 27/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DÈNYE TOU GAYAN KONKOU FOUTBÒL
#VAXANDWIN FOOTBALL LA NAN PATENARYA AVÈK EKIP FOUTBÒL
PWOFFESYONÈL NEW YORK YO**

**Pri a genyen ladan li tikè pou match, vizit nan estad, ekipman ki siyen, ak plis
toujou nan Buffalo Bills, New York Giants ak New York Jets**

**Videyo yo sou ankourajman vaksen an ki gen ladan Bruce Smith nan Buffalo Bills
disponib [isit la](#) ak Carl Banks nan New York Giants disponib [isit la](#)**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gayan dènye tou [Konkou Foutbòl #VaxandWin
Eta New York la](#) - yon nouvo pwogram motivasyon pou ankouraje Nouyòkè ki poko
vaksinen yo pou vaksinen nan patenarya ak ekip foutbòl Ameriken pwofesyonèl New
York yo.

"Jan nou konkli Konkou Foutbòl #VaxandWin nou an, nou kontinye travay nou pou asire
ke tout Nouyòkè ki kalifye yo vaksinen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Patenarya nou
ak ekip foutbòl pwofesyonèl New York yo se yon egzanp kisa patenarya piblik-privè ka
bay, e mwen remèsye Buffalo Bills, New York Giants, ak New York Jets paske yo
rejwenn Eta a nan pwòje enpòtan sa. Pou ganyan dènye tou nou yo, ak tout moun ki te
kanpe pou pran vaksen, mèsè paske ou pwoteje tèt ou ak manm kominote w la. Vaksen
an san danje, efikas, epi se pi gwo pwoteksyon nou kont viris la - epi n ap kontinye fè
tout sa ki posib pou ede Nouyòkè tout laj pran desizyon an nan tout konfyans pou
vaksinen."

Prim pou [moun ki genyen yo](#) enkli biyè pou match, eksperyans espesyal nan match yo,
vizit estad, ekipman ekip ki siyen, apèl FaceTime ak ansyen jwè yo, ak plis ankò nan
Buffalo Bills, New York Giants, ak New York Jets. Eta New York te administre tiraj osò a
epi yo te seleksyone nouvo gayan yo chak semèn sou senk semèn an total. Tout
Nouyòkè ki te resevwa premye dòz vaksen COVID-19 yo 9 septanm 2021 jiska 24
oktòb 2021 yo, te kalifye. Paran ak responsab yo te ka antre pou Nouyòkè ki gen 12-
17 ane.

Nan kad efò sa yo, eta adeja lanse yon kanpay maketin entegre ak chak ekip, ki gen
ladan nouvo videyo ankourajman vaksen ak segman radyo avèk ansyen jwè ki yo chak
te resevwa vaksen COVID-19 la yo menm. Videyo ki gen ladan Bruce Smith, Fen

Defansif Hall of Fame nan Buffalo Bills ak Carl Banks, de fwa chanpyon Superbowl nan New York Giants—disponib pou tout Nouyòkè yo gade [isit la](#) ak [isit la](#), tou.

Gayan dènye tou yo se:

Prim Buffalo Bills:

Brett Gilman, Konte Erie
Judith Jasewicz, Konte Fulton
Margaret Jones, Konte Rensselaer
Ashley Smolen, Konte Erie

Prim New York Giants:

Erica Delehanty, Konte Rockland

Prim New York Jets:

Angela Alaimo, Konte New York
Sean Conroy, Konte New York
Kaylee Quintero, Konte Nassau
Milana Fedash, Konte Kings
Brian Meindl, Konte Suffolk

Depatman Sante Eta New York la te verifiye estati vaksinasyon gayan yo.

Nouyòkè yo ka vizite vaccines.gov, tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon lokal vaksen ki tou pre yo epi pran vaksen kont COVID-19 jodi a.

Pou aprann plis sou vaksen COVID-19 la ak timoun ki gen pou laj lekòl yo, Nouyòkè yo ka vizite sit entènèt dedye nou an ny.gov/vaxtoschool oswa swiv [@VaccinateNY](https://www.instagram.com/VaccinateNY) sou Instagram.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)